

A close-up portrait of a man with dark hair and glasses, smiling slightly. He is wearing a dark t-shirt. The background behind him is dark, while the background of the entire page is a colorful abstract pattern with yellow, orange, and red tones.

fason pou chwazi yon
PLAN SWEN
SANTE
KONTWOLE
MEDICAID

Kèk ti konsèy itil pou chwazi yon plan nan mache
NY State of Health

Fason pou Chwazi yon Plan Swen Kontwole Medicaid

Pou konnen si ou kalifye pou Medicaid, ki plan ki bay pwoteksyon asirans sante gratis pou moun New York ki kalifye, ale sou sitwèb NY State of Health, Mache Plan Sante Ofisyèl la. Si ou kalifye, pwochen etap la se pou chwazi yon Plan Swen Kontwole. Ou gen 10 jou pou chwazi yon plan sante. Si ou pa chwazi yon plan nan peryòd sa a, n ap chwazi youn pou ou.

Yon plan sante travay avèk yon gwoup (rezo) doktè, klinik, lopital ak famasi pou garanti swen sante ou. Chwazi youn nan doktè ki nan rezo plan sante a ki pou vin Doktè Swen Prensipal (Primary Care Provider, PCP) ou. Ou prale nan klinik PCP ou ak nan klinik lòt doktè ki nan rezo plan an pou swen sante ou.

Pri pou plan sante kontwole Medicaid yo piti anpil. Yo garanti menm sèvis swen sante yo. Men yo tout pa menm:

- Yo kapab gen diferan rezo doktè ak lopital
- Yo kapab garanti diferan medikaman sou preskripsyon
- Yo kapab gen diferan kalite ak klasman satisfaksyon pasyan

Fason pou Chwazi yon Plan

Pou ede ou chwazi pi bon plan an pou ou:

- Mande doktè ou wè souvan an pou li ba ou non plan Medicaid li aksepte yo
- Gade rezo plan an pou wè si doktè yo, lopital yo, ak klinik yo toupre ou
- Tcheke pou wè si plan sante a garanti medikaman ou yo
- Konsidere si plan sante a ap kite ou egzekite preskripsyon yo nan famasi ou itilize a
- Mande si plan an ofri nenpòt pwogram espesyal pou ede ou rete an sante

- Revize gid konsomatè pou pèfòmans plan anyèl la, ki klase plan yo dapre sèvis yo, pèfòmans yo ak satisfaksyon konsomatè a. Pou jwenn aksè nan gid la, ale sou sitwèb: http://www.health.ny.gov/health_care/managed_care/consumer_guides/nyc/medicaid/

Plan Bezwen Espesyal (Special Needs Plan, SNP) pou Moun ki Gen VIH

Si ou kalifye pou Medicaid epi si ou gen VIH, ou kapab antre nan yon VIH SNP. VIH SNP yo se plan sante ki bay sèvis kowòdinasyon swen sante siplemantè epi ki gen pwofesyonèl swen sante ki byen konnen moun k ap viv avèk VIH ak manm fanmi yo.

Ale sou sitwèb nystateofhealth.ny.gov oswa rele Liy Èd New York Medicaid CHOICE nan nimewo 1-800-505-5678 pou enskri nan yon VIH SNP.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou yon plan:

Affinity Health Plan 1(866) 247-5678
Fidelis Care New York 1(888) 343-3547
EmblemHealth (HIP) 1(800) 447-8255
Empire Blue Cross Blue Shield Health Plus 1(800) 600-4441
Healthfirst PHSP, Inc. 1(866) 463-6743
MetroPlus Health Plan 1(800) 303-9626
United Healthcare Community Plan 1(800) 493-4647
WellCare of New York 1(800) 288-5441

Plan pou Bezwen Espesyal pou Moun ki Gen VIH:

MetroPlus Health Plan Partnership in Care
1(800) 303-9626
VNS CHOICE SNP 1(866) 469-7774
Amida Care 1(800) 556-0689

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri ale sou sitwèb NYC Health Insurance Link nan www.nyc.gov/hilink